# ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалым Сочэ щыпащэ










ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№200 (23.608) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


## Телъыджэу йокIуэкI

**<u>ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалыр дахэу, зэпэщу къызэрызэIуахам хуэдэу щокIуэкI убых щIыналъэм. Сочэдэсхэм я дежкIэ щIэщыгъуэу пхужыIэнукъым щIалэгъуалэ мин 30-м щIигъу щызэхуэса зэхыхьэшхуэр. ЩIымахуэ Олимп джэгухэм хэта волонтёрхэм еса-есауэ хьэщIэхэр къырагъэблагъэ, зыхуей Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэ.</u>**

ФЕСТИВАЛЫМ хэт щIалэгъуалэм къызэралъытэмкIэ, ар хуабжьу Iэмал гъуэзэджэщ зыпэрыт IэщIагъэ елъытауэ я Iэзагъым хагъэхъуэнымкIэ, зэрыцIыхунымкIэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэхэр ягъэлъэгъуэнымкIэ, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм я проектхэр гъащIэм хэпща хъунымкIэ. А псоми къадэкIуэу ди къэралым, дызэрыс Кавказ дахэм цIыху мин бжыгъэхэм зыщаплъыхьынурэ, мелуан бжыгъэми ялъагъужынущ.

Утыку зэпэщхьэхуэхэр фестивалым къыщызэIуахащ - творческэ, спорт, щэнхабзэ, политикэ, н.къ. Къызэхуэса щIалэгъуалэр абыхэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщI, мастер-классхэм макIуэ, цIыху цIэрыIуэхэм яхуозэ. Апхуэдэу Сочэ и утыкум ныбжьыщIэхэм щахуэзащ Лавров Сергей, Мутко Виталий, Безруков Сергей, Бутман Игорь, нэгъуэщIхэри. Пщыхьэщхьэ къэс «Медалс-Плаза» сценэ нэхъыщхьэм концерт дахэхэр щокIуэкI.

ЗэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэт а Iуэхухэр зэблэгъэкIынымкIэ къалэнышхуэ ягъэзащIэ волонтёрхэм. Хэт дэнэ кIуэнуми яунэтI, гупсэхуу гурагъаIуэ, я Iуэхухэр хузэрагъэзахуэ.

Фестивалыр телъыджэу къызэрызэIуахам хуэдэу Iэтауэ йокIуэкI. Ди хэкуэгъу ныбжьыщIэхэр ирогушхуэ ди къэралыр Iуэхур зыхуей хуэзэу къызэрызэригъэпэщыфам, хьэщIэхэм ялъагъур ягъэщIагъуэ зэпыту дэрэжэгъуэр я куэдщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2017 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м* *Налшык къалэ* *№606-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыIэ щыхъуу зэрыхуежьам къыхэкIыу:

1. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын 2017 - 2018 гъэхэм унэхэр щагъэплъ и лъэхъэнэр къекIуэкI хабзэм тету 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м щIадзэну.

2. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**



● Ди зэпыщIэныгъэхэр

## УФ-м и Президентым деж щыIэ Геральдическэ советым и унафэщIыр КъБКъУ-м и студентхэм яIуощIэ

**<u>Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызэхэтащ Урысейм и геральдмейстер нэхъыщхьэ, Къэрал Эрмитажым и унафэщIым и къуэдзэ, еджапIэ нэхъыщхьэм щIыхь зиIэ и профессор, абы и ПсапащIэ советым хэт Вилинбахов Георгийрэ гуманитар, правовой къудамэхэм щIэс студентхэмрэ я зэIущIэ.</u>**

ХЬЭЩIЭ лъапIэр студентхэм щаригъэцIыхум, КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий жиIащ Эрмитажым хуаIэ пыщIэныгъэхэм зрагъэубгъукIэрэ, курсхэм щаджхэм къыхагъэхъуэну зэрамурадыр. Псалъэм папщIэ, еджапIэ нэхъыщхьэм и программэм хагъэхьэну я гугъэщ геральдикэ щIэныгъэм хэзыгъэгъуазэ курсхэр, зэгъусэу ягъэхьэзырыну конференцыр зытеухуауэ щытынури ягъэбелджылащ. «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ университетхэм ящыщу КъБКъУ-м и закъуэщ Къэрал Эрмитажым дэлажьэр. Ар ди дежкIэ пщIэшхуэщ. Иджыпсту яужь дитщ КъБКъУ-м археологием и музей къыщызэIухыным пыщIа лэжьыгъэхэм, ди мурадщ нэгъуэщI проект куэди зэдэдгъэзэщIэну», - къыхигъэщащ ректорым.

Университетым и юбилеймкIэ иджыри зэ ехъуэхъущ, КъБКъУ-м щIыхь зиIэ и профессору зэрыхахам щхьэкIэ ректорым фIыщIэ хуищIри, Вилинбахов Георгий абы щилъэгъуахэр къызэрыщыхъуар жиIащ: «Сэ фи еджапIэ нэхъыщхьэм щызыхэсщIащ цIыхухэр фIыуэ зэрызэхущытыр, зэрызэхуэгуапэр. ЛIыхъусэжьхэм хуэдэу, хьэщIэхуэфIу фызэрыщытыр щынэрылъагъущ мыбы».

УФ-м и Президентым деж щыIэ Геральдическэ советым и унафэщIыр къызэхуэсахэм къахуеджащ геральдикэр зищIысым теухуа лекцэ. Дауэ икIи дапщэщ къыщежьар дамыгъэхэм я бзэр, геральдикэм сыт хуэдэ диалектхэр иIэ, ныпхэр къыщIежьам и щхьэусыгъуэр сыт, дамыгъэ лъапIэхэмрэ фащэмрэ жылагъуэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щаIэ? - къызэхуэсахэр абыхэм щыгъуазэ ищIащ Эрмитажым и унафэщIым и къуэдзэм.

ГъэщIэгъуэнкъым апхуэдэ лекцэ удэзыхьэхым и ужькIэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ упщIэ куэдкIэ абы зэрызыхуагъэзар. УФ-м и геральдмейстер нэхъыщхьэм сыт хуэдэ къалэнхэр иIэ? Черкасскэ лъэпкъым и гербыр сыт щыгъуэ къыщежьар? Къэрал гербыр къэгъэсэбыпыным теухуауэ сыт хуэдэ хабзэхэр щыIэ? Вилинбаховхэ я лъэпкъым и къежьапIэр дэнэ? ХьэщIэм зэрызыхуагъэза упщIэ псоми жэуап зэпкърыха яритащ. Абы едэIуахэм хьэщIэм фIыщIэ хуащIащ икъукIэ удэзыхьэх псалъэмакъ къазэрыдригъэкIуэкIам папщIэ икIи иджыри зэхуэзэну зэрагуапэр къыхагъэщащ.

**СОЛГАЛОВЭ Наталье.**

## Я продукцэр щIыналъэ нэхъыбэм зэрырагъэшэным яужь итщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ езыхэм къыщIагъэкI продукцэр зыхурагъашэ щIыналъэхэм къахэгъэхъуэным хуэунэтIа Iуэхухэр. Абы хыхьэу зэфIагъэкIхэм ящыщщ щIым къыщIаш газыр автомобилхэм ирагъахъуэ гъэсынызхъэу къэзыгъэсэбэпхэм ар яIэрыгъэхьэныр.

Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным теухуауэ ди деж къэкIуащ Осетие Ипщэ Республикэм и Правительствэм и лIыкIуэхэр. Автомобилхэм газ щрагъахъуэ ягъэIэпхъуэ станцхэр езыхэм я жылагъуэхэр а гъэсыныпхъэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ сэбэп къахуэхъуну къалъытащ хьэщIэхэм икIи абыхэм я лэжьэкIэм щыгъуазэ защIащ.

КъызытекIухьа Iуэхухэм хэплъа нэужь, «КъэббалъкъщIыдагъэгаз» ООО-м и продукцэу Осетие Ипщэм ирагъашэм хэгъэхъуэным теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.

*КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## ✪ Ди къуэш республикэхэм

### Урысейм и Президентым деIыгъ

АДЫГЕЙ. ***<u>Урысейм и Президент Путин Владимир Iэ щIидзащ «Адыгэ Республикэр илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуауэ» указым</u>***.

КЪЭРАЛЫМ и Iэтащхьэм и деж апхуэдэ Iуэхур къыщыхилъхьащ Адыгейм и унафэщI КъумпIыл Мурат. 2022 гъэм илъэси 100 ирокъу Шэрджэс (Адыгей) автоном областыр, иджырей Адыгэ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ.

Мы Iуэхум трагъэкIуэдэн федеральнэ ахъшэ щIыналъэм къыIэрыхьэнущи, абы и нэхъыбэр къагъэсэбэпынущ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ. Абыхэм яхохьэ музейхэр, гъэлъэгъуапIэ залхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, гъуазджэмкIэ школхэр, нэгъуэщIхэри. Махуэшхуэр щагъэлъэпIэнум ирихьэлIэу ягъэщIэрэщIэжынущ Адыгейр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэува «Зэныбжьэгъугъэ» фэеплъыр.

## Тезырыр тэмэму япшынырктъым

● Дыгъуасэ



**<u>Дыгъуасэ зэхэтащ Гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ. Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир.</u>**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыпсэлъащ КъБР-м и ГИБДД-м и унафэщI Бэджыдэ Юрий, КъБР-м и суд приставхэм я федеральнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Ефэнды Олег, нэгъуэщIхэри.

2017 гъэм и блэкIа мазибгъум къриубыдэу республикэм гъуэгум зэрытет хабзэхэр зы мелуанрэ мин 50-рэ къыщызэпаудауэ къагъэлъэгъуащ абы зэрыкIэлъыплъ Iэмэпсымэхэм.

- Гъуэгум зэрытет хабзэр къызэпызыудахэмрэ административнэ Iуэху къызыхузэIуахахэмрэ тралъхьа тезырыр япшыну сом мелуани 177.222-рэ къатыжащ нобэкIэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар мащIэ дыдэщ, хабзэр къызэпызыудахэм япшынын хуейм елъытауэ. Псалъэм папщIэ, нобэкIэ Iуэху мин 524-рэ суд приставхэм яIыгъщ. Абы теухуауэ Iуэхур зэрыхъунур иджыри тщIэркъым, ауэ мазибгъум къриубыдэу дызыхэплъа Iуэхухэм ящыщу мин 880-м хабзэр къызэрызэпаудар къыщIагъэщри, тезырыр ирагъэпшынину траухуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ Iуэху мин бжыгъэ куэд хабзэм къемызэгъыу къаIэтауэ къалъытэу зэрызэхуащIар, - жиIащ Бэджыдэр къыщыпсэлъам.

Абы теухуауэ Бэлэтокъуэ Владимир жиIащ ГИБДД-м иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм, хабзэр къызэпызыудахэм тралъхьа тезырхэм щыщу сом мелуан 594-рэ илъэсыр имыкI щIыкIэ къыхахыжын зэрыхуейм зэрыщыгъуазэр.

- Сэ фыкъыхуезджэркъым ди цIыхухэм лей ефхыу ахъшэр къыхэфхыжыну. Ауэ мыбдеж къыщифIуа бжыгъэхэмрэ лэжьыгъэр зэрывгъэзащIэ щIыкIэмрэ щыхьэт тохъуэ фи къалэнхэм фазэрыпэмылъэщым, фи зэдэлэжьэкIэр тэмэму убзыхуа зэрымыхъуам, - жиIащ къулыкъущIэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## Нартыху жылапхъэхэр ирагъашэ

● АПК

**<u>ФIагъ ин зиIэ тонн мин 20-м щIигъу нартыху жылапхъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм ирагъэшэнущ федерацэм и субъектхэм, къищынэмыщIауэ Беларусымрэ Къэзахъстанымрэ.</u>**

РЕСПУБЛИКЭМ и гъавэ щIапIэр гектар мини 140-м щIегъу. 2017 гъэм абыхэм къытрахащ тонн мин 663-рэ (2016 гъэм - тонн мин 624,8-рэ). Гектарым ику иту къытекIащ центнер 45-рэ е нэгъабэ елъытауэ процентi 102,3-рэ.

**КЪАУДЫГЪУ Заур.**

### Мэзкуу щызэIуощIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***<u>Дыгъуасэ Мэзкуу щызэхуэзащ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Хьэту Жамболэтрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ КъШР-м и мэкъумэшыщIэхэм гъэр зэраухам, нэгъуэщI щIыпIэ къикI мылъку зыхалъхьэн хуей проектхэм.</u>***

ТЕМРЕЗОВ Рашид Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм фIыщIэ хуищIащ щIыналъэм къызэрыдэIэпыкъум папщIэ.

Хьэту Жамболэт къыхигъэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым мэкъумэш IэнатIэм зригъэужьын папщIэ зыхуеину псори зэриIэр, дяпэкIи къэрал гулъытэ зэрагъуэтынур.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Сом мелуан 49-м щIигъу хухах

**<u>2016 гъэм и накъыгъэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм дунейм и щытыкIэ гугъухэм къыхуихьа хэщIыныгъэхэр ирагъэкIуэдыжын папщIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Iэтащхьэм и унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 49-м щIигъу хухахынущ.</u>**

«2016 ГЪЭМ накъыгъэм и 26-м щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 8 пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм уэшхуэ зыхэлъу щыIа уэлбанэ инымрэ жьапщэ лъэщымрэ къахьа хэщIыныгъэхэр щрагъэкъужкIэ халъхьэн папщIэ КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэр гъэкIуэдыжынымкIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хухэхын бюджет мылъкуу сом мин 49450-рэ, абы щыщу:

сом мин 20250-рэ - цIыхухэм зэуэ хухах материальнэ дэIэпыкъуныгъэ иратын папщIэ;

сом мин 28800-рэ - япэу зыхуеину мылъкум щыщ зэрафIэкIуэдам папщIэ цIыхухэм ахъшэкIэ дэIэпыкъуныгъэ иратын папщIэ:

сом мин 400 - япэу зыхуеину мылъкур зэрыщыту зэрафIэкIуэдам папщIэ цIыхухэм ахъшэкIэ дэIэпыкъуныгъэ иратын папщIэ», - итщ унафэм.

**ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.**

● Гъуэгухэр

## Бгы-лыжэ лъэхъэнэм и пэ къыихуэу

**<u>ЯтIэпсыр куэду къеха иужькIэ шынагъуэншэу щызекIуэн папщIэ къызэIуахыжа «Прохладнэ - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ» федеральнэ гъуэгур бгы-лыжэ лъэхъэнэм щIимыдзэ щIыкIэ мардэкIэ зыхуеину щытыкIэм ирагъэувэжынущ.</u>**

ХЪЫБАР къызэратащи, 2017 гъэм и фокIадэм куэду къеха ятIэпсым зэтрикъута А-158 «Прохладнэ - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ» федеральнэ гъуэгур шынагъуэншэу щызекIуэн хуэдэу къызэIуахыжащ. АрщхьэкIэ «Кавказ» УПРДОР ФКУ-м и IэщIагъэлIхэм лэжьыгъэхэм пащэ ар мардэкIэ зыхуеину щытыкIэм ирагъэувэжын папщIэ.

Я мурадщ транспортыр щызекIуэ гъуэгур нэхъ бгъуэ ящIыну, псы Iуфэхэр ягъэбыдэну, къехуэх мывэхэр къызэтезыгъэувыIэн щIэгъэкъуэнхэмрэ блынхэмрэ яухуэну. Зэгъэпэщыжыныгъэ-зэфIэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэхэр яухын хуейщ бгы-лыжэ лъэхъэнэм щIидзэным и пэ къихуэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ятIэпсыр къызэрехамрэ Бахъсэн псыр къызэриуамрэ я зэран екIащ автомобиль гъуэгум и Iыхьи 8-м. ПсынщIэу лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщам и фIыгъэкIэ махуиплIым къриубыдэу транспортым и зекIуэнымрэ гъащIэр тэмэму къызэгъэпэщынымкIэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэмрэ зэфIэгъэувэжа хъуащ.

**ТЕМЫР Дисанэ.**

## НОБЭ

- ♦Азербайджаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ
- ♦**1867 гъэм** Аляскэ хытIыгуныкъуэр США-м зэрыращам теухуа дэфтэрхэр зэIэпахащ. Жэпуэгъуэм и 18-м илъэс къэс а къэралым щагъэлъапIэ Аляскэм и махуэр.
- ♦**1723 гъэм** Пётр Езанэм Кронштадт быдапIэм и лъабжьэр игъэтIылъащ.
- ♦**1918 гъэм** Чехословакие Республикэр къызэрагъэпэщащ.
- ♦**1921 гъэм** Кърым АССР-р Урысейм хыхьэу къызэрызэрагъэпэщым теухуа декретыр къыдэкIащ. 1945 гъэм автономиер Кърым область хъуащ, 1954 гъэм Кърымыр Украинэм хагъэхьащ. Абы и автономиер 1991 гъэм зэфIагъэувэжащ, 2014 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыщыщIэдзауэ УФ-м и щIыналъэ хъужащ.
- ♦**1922 гъэм** Инджылызым и «Би-Би-Си» радиокомпаниер къызэрагъэпэщащ.
- ♦**1924 гъэм** СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я Советым унафэ ищIащ къэралым ис псоми фэрэкIым зэребэн мастэ халъхьэным теухуауэ.
- ♦**1942 гъэм** нэмыцэдзэхэм къаувыхьауэ дыхьэпIи дэкIыпIи зимыIэ Ленинград къыщызэIуахащ Комиссаржевская Верэ и цIэр зезыхьэ театрыр.
- ♦**1944 гъэм** советыдзэхэр Чехословакием ихьащ къэралыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжыну.
- ♦**1967 гъэм** «Венера-4» совет хьэрш аппаратыр ЩIым нэхъ пэгъунэгъу дыдэ Венерэ планетэм тетIысхьащ.
- ♦**1990 гъэм** Ямало-Ненецкэ автоном округыр Тюмень областым къызэрыхэкIым теухуа унафэ къащтащ.
- ♦**1991 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и иужьрей зэIущIэр екIуэкIащ.
- ♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ «Политикэ залымыгъэ кIэлъызэрахьэу ягъэкIуэдахэм щIэбгъэкъуэншэн хабзэншагъэ зэрамылэжьар къэлъытэным и IуэхукIэ» законым.
- ♦**2011 гъэм** Урысейм, Украинэм, Белоруссием, Къэзахъстаным, Арменим, Къыргъызым, Молдавием, Таджикистаным СНГ-м хуиту сату щыщIыным теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ.
- ♦КъБР-м и япэ президенту щыта къэрал лэжьакIуэ, политик Iэзэ **КIуэкIуэ Валерий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
- ♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **ХьэцIыкIу Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
- ♦КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емкъуж Лиуан** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
- ♦США-м щыщ актёр цIэрыIуэ, кинорежиссёр, сценарийхэр зытх **Жан-Клод Ван Дамм** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
- ♦«Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретару щыта, КъБР-м и Парламентым, УФ-м Связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща **Гъурыжь Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.
- ♦Урысей актёр цIэрыIуэ, режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата **Безруков Сергей** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Мыщэм ишхар дыгъужьым трелъхьэ.**

# Хьэгъэщагъэхэр хэгъэкIын

• КИФЩI

**Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я блэкIар политикэ хьэгъэщагъэхэр халъхьэу къаIуэтэну зэрыхущIэкъум икIи абы ижь мы зэманым дунейм щекIуэкIхэм къазэрыщIихум щытепсэлъыхьащ КИФЩI-м и Жылагъуэ советым и зэIущIэм. Ар щызэхэтащ Пятигорск къалэм.**

УРЫСЕЙМ и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Белавенцев Олег къызэрыхигъэщхьэхукIамкIэ, дунейм и къэралышхуэхэм езыхэм я геополитикэ сэбэп зыхэлъхэм ящыщу къалъытэ Кавказ Ищхъэрэр. Урысейм и бийхэм абы и лъэпкъхэр зэкIэщIагъэкIын папщIэ Iэмал зэмылIэжьыгъуэхэр къалъыхъуэ икIи къагъэсэбэп урысей тхыдэм и напэкIуэцI щхьэхуэхэр. Советым хэтхэм зэрыжаIамкIэ, мыбдежым зыщытрагъащIэр зи екIуэкIыкIар зэхуэмыдэу къаIуатэ Кавказ зауэрщ. Урысейм и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэт, «Кавказ политикэ» интернет-порталым и редактор нэхъыщхьэ Шевченкэ Максим къыхигъэщащ Кавказ зауэм и екIуэкIыкIар зыуэ къэзыгъэлъагъуэ Iуэху еплъыкIэ зэрыщымыIэр икIи къыхилъхьащ апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIын папщIэ тхыдэтх гуп къызэрагъэпэщыну.

Белавенцев Олег жиIащ школхэм тхыдэр зы пщалъэм тету щрагъэджыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи тепсэлъыхьащ лъэпкъыбзэхэм яIэ алыфбейр латиницэм хуагъэкIуэным и Iуэхур куэдрэ къаIэт зэрыхъуам.

«Мы зэманым жылагъуэр ирашалIэ кавказ лъэпкъхэм я тхыбзэр кириллицэм тегъэкIауэ латиницэм е, уеблэмэ, хьэрып алыфбейм хуэгъэкIуэным теухуа гупсысэм. ЖаIэ абыкIэ лъэпкъхэм я тхыдэ блэкIам кърагъэгъэзэжыну. Мурадыр зыхуэгъэзар белдылыщ: урысыбзэр, Урысейм и лъэпкъхэр зэрызэпсалъэ бзэр нэхъ гурыIуэгъуей ящIынырщ, Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэр урысыбзэкIэ къыдэкIа тхылъхэм щIэныгъэ гъунапкъэншэхэм пагъэкIынырщ», - жиIащ полномочнэ лIыкIуэм.

Пятигорск къэрал университетым Стратегие къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым Кавказыр джынымкIэ и къудамэм и унафэщI, политикэ щIэныгъэхэм я доктор Усовэ Юлие къыхигъэщхьэхукIащ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм тхыдэр политикэм зэрытрагъэхьэр: «БлэкIам, абы щыIахэм щхьэтелъэфу утепсэлъыхьыным къешэ тхыдэм и пэжыр зэхъуэкIыным хуэдэуи, лъэпкъ лъапIэныгъэхэмрэ хабзэхэмрэ зэхьэкIауэ къаIуэтэнри». Профессорым къыхигъэбелджылыкIащ: «Ди къарур зыхэлъыр ди зэхуэдэ щэнхабзэ щIэинырщ, дяпэ итахэм къытхуагъэнащ, къэралым и къулеигъэ ину щыт ди цIыхубэ зэкъуэтыныгъэныр гъэбыдэныр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къиIэтащ Кавказ Ищхъэрэм щыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэIагъэхьэн папщIэ жыджэру къагъэсэбэп «шэрджэс Iуэхур». Абы къыхигъэщхьэхукIащ нэгъуэщI къэралхэм щыIэ адыгэ диаспорэхэм нэхъ жыджэру ядэлэжьэн, нэхъыбэрэ яIущIэн зэрыхуейр.

1992 гъэм къэхъуа Iуэху гуауэхэм я гугъу щищIым, Ингуш Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iэтащхьэ Дзагиев Мовлат-Джэрий жиIащ Ингушымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я лъэпкъхэр зэгурыIуэн папщIэ жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэм къалэнышхуэ зэрагъэзащIэр. Мыбдежым зыщрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм хохьэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэр зэгъусэу щыпсэу щIыпIэхэм экономикэр зэрыщымыщIагъуэр, апхуэдэу щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм я лъэныкъуэкIэ абыхэм зыхуэфащэ Iуэхухэр ирикъуу зэрыщрамыгъэкIуэкIыр.

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Бокоев Эльбруси къыхигъэбелджылыкIащ блэкIа илъэс 25-м къэрал властым и органхэм 1992 гъэм къэхъуа зэпэщIэувэныгъэм и Iэужьхэр ягъэкIуэдыжын и лъэныкъуэкIэ куэд зэрызэфIагъэкIар, ахэр осетинхэмрэ ингушхэмрэ зэгъусэу щыпсэу къуажэхэм щытыкIэфI щыIэным зэрегугъур. Профессор Усовэ Юлие жэрдэм къыхилъхьащ мы лэжьыгъэм щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр нэхъ жыджэру къыхашэну.

Шевченкэ Максим жиIащ лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэм теухуауэ социал сетхэм къралъхьэхэм хабзэхъумэ органхэр нэхъ ткIийуэ тепсэлъыхьын зэрыхуейр: ахэр хьэгъэщагъэхэм щыхуэгъэза щыIэщ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм зэIущIэм кърихьэлIахэм яритащ КИФЩI-м и Жылагъуэ советым зэрыхэтым щыхьэт техъуэ тхылъхэр.

**КРАПИВИНЭ Викторие.**



• Фэеплъ

# Я лэжьэгъухэр ящыгъупщэркъым

**Урысей МВД-м и къудамэу Дзэлыкъуэ районым щыIэм и унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м щыIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэм я унагъуэхэм, ахэр 8 мэхъу.**

ХЭКУМ щIалэ нэс хуэзыпIахэм иджыри зэ фIыщIэ хуащIри, хабзэхъумэхэм жаIащ я псэ емыблэжу республикэр зыхъума я лэжьэгъухэм я унагъуэхэм я нэIэ зэрытрагъэтынур.

А махуэ дыдэм Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапIэ №2-м фэеплъ пхъэбгъу щыфIадзащ Урысей МВД-м и Дзэлыкъуэ район къудамэм и лэжьакIуэ БжэныкIэ Рустам и щIыхькIэ. Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъ пэкIуи абдежым щекIуэкIащ.

Фэеплъ пэкIум къыщыпсэлъахэм щIалэгъуалэр къыхураджащ 2005 гъэм къэхъуа гузэвэгъуэм дерс къыхахыну, мамыру, зэгурыIуэу псэуну.

Къызэхуэсахэм хабзэхъумэ хэкIуэдахэм я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

# ЛIыгъэм и дерс

**Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и лэжьакIуэхэр жэпуэгъуэм и 13-м Лесное къуажэм и школакIуэхэм яхуэзащ. Полицейхэм абыхэм драгъэкIуэкIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъ махуэм теухуа дерс.**



АБЫ хэтащ къудамэм и IэщIагъэлI, къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Моисеевэ Алёнэ, IэнатIэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэр.

Моисеевэ Алёнэ еджакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ зи къалэн зыгъэзащIэу, я тхьэрыIуэм хуэпэжу хэкIуэда я лэжьэгъухэм. Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и Жылагъуэ советым хэт Головко Анатолий тепсэлъыхьащ фэеплъ махуэр щIагъэувам.

Iуэхур зэфIэкIа иужькIэ, школакIуэхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Прохладнэ къалэм дэт ЩIыхь скверым зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм папщIэ щагъэува фэеплъым.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***



• Кавказ Ищхъэрэ

# Псоми я фейдэ хэлъщ

**Пятигорск къалэм щекIуэкIащ Урысейм и Президентым и деж щыIэ ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумрэкIэ академием хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэмкIэ и школыр къызэрызэIуахым егъэщIылIа дауэдапщэхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ а еджапIэм и къудамэу Пятигорск щыIэм и унафэщI ЛIыс Азэмэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу гуфIэгъуэм хэтащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ.

Зэхыхьэм апхуэдэу кърагъэблэгъат КИФЩI-м и унафIэщIым и лIыкIуэхэр, щIыналъэм и хьэрычэтыщIэ лъэрызехьэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр.

Школыр къыщIызэIуахыр иджырей хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм цIыхухэр хагъэгъуэзэн папщIэщ. Абы и унафэщI Черняевэ Верэ къызэхуэсахэм ягуригъэIуащ еджапIэм игъэзэщIэну къалэныр зыхуэдэм.

ЕджакIуэхэм я щIэныгъэр хагъэхъуэнущ унэтIыныгъэу плIыкIэ: хьэрычэт лэжьыгъэм, узыншагъэр хъумэным, туризмэм, сервисым теухуауэ.

КъыхэдгъэщхьэхукIынщи, мыпхуэдэ Iуэхухэр щIыпIэ-щIыпIэхэм зыкъом щIауэ щрагъэкIуэкI. Псалъэм и хьэтыркIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ УФ-м и цIыхубэ хозяйствэр зезыхьэну лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным теухуа президент программэр. Къыхахахэм Iэмал яIэщ урысей еджапIэ нэхъыфIхэм, бизнес школхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну, иужькIэ нэгъуэщI къэралхэм ягъакIуэу (пщIэншэу) я IэщIагъэм щыхагъэхъуэну. Илъэс тIощIым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэщIагъэлI 325-м апхуэдэ Iэмал яIащ.

**КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.**



## Щихъхэм хабжэ адмирал Ушаков Фёдор

Урыс адмирал, тенджыз ФIыцIэ флотым и унафэщIу щыта Ушаков Фёдор (1745 - 1817 гъгъ.) ящыщщ зи зэфIэкIкIэ, зи хахуагъэкIэ цIэрыIуэ хъуа хыдзэлIхэм.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, тенджызым щригъэкIуэкIа зауэшхуэ 43-м щыщу зыми къыщыхагъэщIакъым ар. Адыгэпщ Ридадэ къытепщIыкIыжа адмиралым и унафэм щIэта зы кхъухьи бийхэм щIрагъэлъэфэфакъым, зы матроси гъэру яубыдыфакъым. «Ар здэщыIэм текIуэныгъэр щыIэщ!» - арат Урысейм и унафэщIхэм Ушаковым хужаIэр.

Къэралым и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэр нэхъри иIэту, Урыс Православнэ члисэм ар щихъхэм яхибжащ. Абыи къыщымынэу, Москва къедза Бутовэ жылэм Ушаков щихъым и щIыхькIэ члисэ щаухуэ. Урысейм и Патриарх Кирилл иджыблагъэ а щIыпIэм щыIащ икIи ухуэныгъэр зэрекIуэкIыр зригъэлъэгъуащ.

Ушаков Фёдор дунейм зэрехыжрэ илъэс 200 щрикъуа махуэм - жэпуэгъуэм и 15-м - абдеж цIыхухэр къыщызэхуэсри, адмиралыр ягу къагъэкIыжащ, абы тхьэ хуелъэIуащ.

• ЩIэныгъэ

# Щытхъушхуэ хужаIэ

**Урысейм и физиологхэм я XXIII съезд иджыблагъэ щызэхэтащ Воронеж къалэм. Ар теухуауэ щытащ УФ-м и Физиологие зэгухьэныгъэр, Павлов И. П. и цIэр зезыхьэр, къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум. УФ-м хыхьэ субъектхэм я лIыкIуэхэр щызэхуэса зэIущIэ иным щытепсэлъыхьащ зэгухьэныгъэм къикIуа гъуэгуанэмрэ абы дяпэкIэ къыпэщылъ къалэнхэмрэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу съездым и лэжьыгъэм хэтащ КъБКъУ-м и щIэныгъэ лэжьакIуэхэри. Апхуэдэхэт Физиологхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI, ООН-м епхауэ лажьэ, ИнформатизацэмкIэ дунейпсо академием и академик, биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и щIэныгъэ-къэхутакIуэ лабораторэм, «Нейроинформацэ технологиехэм я биофизикэр» зи фIэщIыгъэм и пашэ, профессор **Щауэ Мухьэмэд**, биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБКъУ-м физиологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор **Иуан Анатолий**, ЕстествознаниемкIэ Урысей Академием и академик, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м физиологиемкIэ, генетикэмрэ молекулэ биологиемкIэ и кафедрэм и профессор **ПщыукI Ольгэ** сымэ. Абыхэм доклад купщIафIэхэр щащIащ къэралпсо зэхуэсым.

Съездым пщIэшхуэ щигъуэтащ Иуан Анатолий и къэпсэлъэныгъэм. Ар теухуауэ щытащ зи щхьэ куцIым жьы иримыкъу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я узыншагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм. «Бгы лъагэ гипоксие» секцэм щыIуа а докладым мыхьэнэшхуэ иIэщ ныбжьыщIэхэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ. ЩIэныгъэлIым къиихьа гупсысэхэм я лъабжьэщ абы иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр.

Апхуэдэу физиологхэм щытхъушхуэ хужаIащ Щауэ Мухьэмэдрэ ПщыукI Ольгэрэ ящIа докладми. «Нейтрон сетхэмрэ нейротехнологиемрэ» секцэм къыщыпсэлъащ ахэр икIи наIуэ къыщащIащ нейротехнологием и Iэмалхэм ящыщ куэдым цIыхур лъы дэуейм, инфарктым, инсультым, лышх узым зэрыщахъумэфынур. УФ-м и патентхэр зыхуагъэфэща а къэхутэныгъэхэр физиологиер медицинэм и лъабжьэу къозыгъэлъытэхэм ящыщу щыжаIащ зэIущIэм.

Щауэмрэ ПщыукIымрэ ящIа докладым къыщыхьа Iуэхугъуэхэм я нэхъыбапIэм епха къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIар КъБКъУ-м и «Нейроинформацэ технологиехэм я биофизикэр» щIэныгъэ-къэхутакIуэ лабораторэрщ. Абыхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ хуэхъуа нэужь, УФ-м и Физиологие зэгухьэныгъэм и унафэщI Островский Михаил КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий зыкъыхуигъэзащ икIи жэрдэм къыхилъхьащ ди университетым «Бгы лъагэ нейроинженер физиологие» щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт къыщызэIухынымкIэ. Ар жэуаплыныгъэ зыпылъ дзыхь лъагэщ ди лъэпкъ физиологхэм я дежкIэ. Апхуэдэ гулъытэ иныр абыхэм яхуэфащэ дыдэщ.

Зи лэжьыгъэм пщIэшхуэ игъуэта ди щIэныгъэлI-физиологхэм дохъуэхъу зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэмкIэ. Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм дяпэкIи хэлъхьэныгъэ инхэр абыхэм зэрыхуащIынум шэч хэлъкъым.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Ягу ихуркъым



**Тырныауз къалэм ягу къыщагъэкIыжащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэр.**

ФЭЕПЛЪ зэхыхьэм хэтащ район, къалэ администрацэхэм, Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыIэм, IуэхущIапIэхэмрэ IэнатIэхэмрэ я лIыкIуэхэр, Тырныауз къалэм и школхэм я еджакIуэхэр.

Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэ Залиханов Къанщоубий.

- Дэ нобэ дигу къыдогъэкIыж республикэм и мамыр псэукIэр яхъумэу зи гъащIэр зытахэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, 2005 гъэм къэхъуар цIыху мамырхэми ялъэIэсащ. Республикэм и къэрал IуэхущIапIэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ди къарур зэщIэдгъэуIуэн хуейщ экстремизмэм дыпэщIэтын, зэпсэлъэфу, пщIэ зэхуащIу дгъэсэн папщIэ. ЩIалэгъуалэм ищIапхъэщ хузэфIэкIынури. МВД-м и лэжьакIуэхэр сыт хуэдэ гугъуехь Iумыуэми, я къалэным хуэпэжщ. Ахэр щIэпхъаджагъэм дыщызыхъумэщ, мамырыгъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ я шэсыпIэщ. Абы къыхэкIыу фIыщIэ яхудощI, - жиIащ Залихановым.

Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыIэм и унафэщI Боттаев Муслъим къыщыпсалъэм къыхигъэщащ районым щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр хъумэным теухуауэ хабзэхъумэхэм яхузэфIэкI псори зэралэжьыр.

Къызэхуэсахэр хэкIуэдахэм пщIэ хуащIу дакъикъэкIэ щымри, шар хужь гъэпща пщIы бжыгъэхэр яутIыпщащ, фэеплъым деж удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**ТАРИМ Алисэ,**
*Iуащхьэмахуэ район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Псэущхьэ зыIыгъ, IэщхэкIхэм елэжь, ахэр зыгъэхьэзыр, зыщэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм ящIэн папщIэ

**ЩыIэ хабзэхэм япкъ иткIэ, IэщхэкI продукцэ псори (лыр, гъэшыр, фор, цыр, фэр, джэдыкIэхэр, н.къ.), апхуэдэу псэущхьэ псэухэр, джэдкъазхэр, бдзэжьейхэр бэзэрхэм, нэгъуэщI сату щIыпIэхэм щащэн и пэ къиихуэу ветеринар-санитар экспертизэ ящIын, къэрал ветеринар IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм (къуажэхэм, къалэ округхэм, ветеринар центрхэм, ЛВСЭ-м и лабораторэхэм) абыхэм я щытыкIэр, былым яукIынухэм я узыншагъэр зыхуэдэр къапщытэн хуейщ.**

ИУЖЬКIЭ продукцэм дэщIыгъун хуей зыхуэфащэ формэм (№-1, №-2, №-4) къитIасэ ветеринар тхылъыр (ВСД) ар зыгъэIэпхъуэхэм ират.

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къищта унафэ №589-м ипкъ иткIэ, 2018 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ апхуэдэ ветеринар тхылъхэр зэратынур электрон IэмалкIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал ветеринар IуэхущIапIэр продукцэм дэщIыгъу ветеринар тхылъхэр электрон щIыкIэм тету зэритхынум хуэхьэзырщ - «Интернет» телекоммуникацэ сетым хуэгъэпса лэжьапIэ IэнатIэхэр къызэригъэпэщащ, компьютер техникэр къищэхури, зэтриухуащ.

Я лэжьыгъэм зэран хуэмыхъун щхьэкIэ, былым зыIыгъ, IэщхэкIхэр зезыхьэ, ахэр зыгъэхьэзыр, зыщэ (псэущхьэ псэухэр, лыр, лыхэкI ерыскъыхэр, гъэшыр, гъэшхэкIхэр) хозяйствэ псоми къапэщытщ 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 15 пщIондэ «Меркурий» (ФГИС) федеральнэ къэрал хъыбарегъащIэ системэмрэ «Меркурий ХС» (Iуэхузехьэ IэнатIэ) системэ гуэдзэмрэ зыпащIэну.

Абы папщIэ, Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэмрэ щиIэ къудамэм тхыгъэкIэ зыхуагъэзэн хуейщ: Налшык къалэ, Леиным и цIэр зезыхьэ уэрам, 54.

IуэхущIапIэхэмрэ цIыхухэмрэ «Меркурий» ФГИС-м зэрызэпащIэ тхылъым (заявленэ) и щапхъэр Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и IэнатIэм и www.fsvps.ru сайтым щызэбграгъэхащ.

«Меркурий» ФГИС-м зыпащIа нэужь, а IуэхущIапIэм щылэжьэну IэщIагъэлIхэр, ирагъэджэн папщIэ, КъБР-м ВетеринариемкIэ и управленэм ягъэкIуэн хуейщ.

Ягъэхьэзыра продукцэр зыхуэдэр «Меркурий ХС» системэ гуэдзэм и журнал хэхам къыщамыгъэлъэгъуауэ, дэщIыгъун хуей ветеринар тхылъхэр хуатхынукъым, ахэр ямыIэу республикэми Урысей Федерацэми я щIыналъэхэм хьэлъэхэр щагъэIэпхъуэу ядэнукъым.

IэнатIэ унафэщIхэм иджыри зэ гу лъедгъэтэну дыхуейт «Меркурий» ФГИС-м мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн зэригъэзащIэр икIи къыхудоджэ, хэщIыныгъэ ямыгъуэтын щхьэкIэ, икIэщIыпIэкIэ абы зыпащIэну.

***КъБР-м ВетеринариемкIэ и IуэхущIапIэ.***

КЪАНЫКЪУЭ-ФЫРЭ Анфисэ

# Адыгэ тхыдэм и гъуэгуанэ кIыхьыр

***Адыгэхэмрэ ахэр къызытехъукIыжа лъэпкъыжьхэмрэ я тхыдэр илъэс мин бжыгъэ мэхъу. Абы и щыхьэт нэхъыщхьэщ ди бзэмрэ ди хабзэмрэ нэхъ жьы дыдэхэм, нэхъ гугъухэм зэрыхабжэр. Къищынэмыщ Iауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэлъыта, адыгэ хабзэ къекIум хуэдэ лъэпкъым зэригъэпэщын папщIэ, зэман кIыхькIэ яубзыхуа, ягъэфIа, яджа лъабжьэ уиIэн хуейщ. Хьэтхэмрэ хьетхэмрэ къащIэнауэ къыкъуахыж дэфтэрхэм, хьэпшыпхэм, мывэм, кхъуэщынхэм тедза тхыгъэхэм адыгэбзэкIэ укъоджэф икIи абы теттхэм ятепщIыхьмэ, дэ а лъэпкъыжьхэращ дакъызытехъукIар.***

***Дызытепсэлъыхь къэралыгъуэшхуэхэм я зэманым щаIыгъа увыпIэм, щаIа пщIэм, зэрахьа лIыгъэмрэ къарумрэ яхуэфэщэн лъэужьу къыщIэкIащ иджырей адыгэм къикIуа гъуэгуанэри. Европэми, Азиеми, Африкэми, я тхыдэр гъэнщIащ а щIыналъэхэм адыгэхэм щагъэхъа Iуэхушхуэхэмрэ щагъэлъэгъуа зэфIэкIымкIэ. ЛIыгъэм, хабзэм, щIыхьым, нэмысым, гъэсэныгъэм, Iущыгъэм, дахагъэм я щапхъэу, адыгэ лъэпкъым къыхэжанык Iа къулыкъущIэхэм, унафэщIхэм, зауэлI хахуэхэм, пщы лъэрызехьэхэм, пащтыхь гуащэ щэныфIэхэм, щIэныгъэлIхэм дрипагэ хъунущ.***

## Хьэтхэмрэ хьетхэмрэ

Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 2500 гъэхэм ирихьэлIэу Анадолэм къэIэпхъуауэ щытащ хьетхэр. А зэманым абы нэгъуэщI лъэпкъыгъуэ щыпсэурт - хьэтхэр. Япэ дищынщи, къыхэдгъэщынщ Анадолэм къэIэпхъуа хьетхэр бысымым (хьэтхэм) нэхърэ нэхъыбэу зэрыщытар. Хуэмхуэмурэ лъэпкъитIыр зэхэшыпсыхьащ, уеблэмэ хьэтхэм хьэщIэхэм я бзэри, я хабзэри, я щэнри къащтащ икIи, щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, а хьетыбзэращ адыгэбзэри, убыхыбзэри, абазэбзэри иужькIэ къызытехъукIыжар.

Хьэтхэр пщыгъуэ-пщыгъуэу гуэшауэ, зэмызэгъыу, зыкIи зэпымыщIауэ псэурт. Ауэ, а лъэпкъитIыр зы зэрыгъэхъуа нэужь, нэхъри заубгъури, тенджыз ФIыцIэмрэ Мысырымрэ (Египетым) я зэхуаку дэлъ щIыналъэр яубыду къэралыгъуэшхуэ къэунэхуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ индоевропей хьет лъэпкъым хьэтхэм зауэ къазэрыримыщIылIар, къазэрытемыуар, атIэ ТIууащIэм (Месопотамием) къиIэпхъукIыу, Дарданеллхэмрэ БосфорымкIэ къыдэкIри, къазэрыгухьар. Ауэ, языныкъуэ щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ къикIщ, кавказ къуршыжьхэм щхьэпрыкIри, АнадолэмкIэ ягъэзауэ аращ. Дауэ хъуами, а лъэпкъитIым я бзи, я хабзи, я фIэщхъуныгъи зыкIи зэщымыщу, щхьэж езым и тхыдэ абрагъуэ иIэжу зэрихьэлIат, ауэ зэкIэщIэпч мыхъуну зы лъэпкъ хъуауэ щытащ иужькIэ.

Иджырей Тыркур здэщыIэ щIыпIэм деж щыса Хьэт къэралыгъуэм, абы и тепщэхэм, псэукIэм, ирагъэкIуэкI зауэхэм ятеухуа тхыгъэ куэд къыхэнащ аккадхэмрэ ассирийхэмрэ къащIэна дэфтэрхэм. Ахэр тегъэщIапIэ пщIымэ, хьэтхэмрэ иджырей адыгэ-абазэ лъэпкъхэр къызытехъукIыжа къащкъэхэмрэ (тенджыз ФIыцIэм Iуса лъэпкъщ) зы бзэщ зэрыпсалъэу щытар. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, а лъэпкъыгъуэхэр зэблагъэу аратэкъым, атIэ Хьэт къэралыгъуэр, Анадолэмрэ Мысырымрэ я закъуэ мыхъуу, КолхидэмкIи (Абхъазым) къыдригъэзейуэ тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм екIуэкIыу Iусауэ аращ, Темэн (Тамань) хытIыгуныкъуэм нэсыху.



Хьет къэралым и дамыгъэ (герб).



Сулумэш хьет пащтыхьым Борэным и тхьэм тыгъэ ирет.



**Абу-Симбел.** *Мысыр (Египет)*

Пасэрей адыгэхэм «Уащхъуэ, мыващхъуэ кIанэ!» (мо уафэ къащхъуэмрэ мывэ щхъуэмрэ я цIэкIэ) жаIэу, тхьэ яIуэу щытащ. А жыIэгъуэр къыщежьари Хьэт къэралыгъуэм и зэманырщ. Хьэтхэр мажусий динт зэрытри, тхьэ нэхъыщхьэу къалъытэр Уэлбанэм и Тхьэрат, тхьэ зэраIуэри апхуэдэут. Адыгэхэр хьэтхэм къазэрытехъукIам и щыхьэтхэм ящыщ зыщ ар.

Дызытепсэлъыхь зэман жыжьэм Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ зауэ гуащIэ я зэхуаку къыдэхъуащ. Рамзес ЕтIуанэр пащтыхьыгъуэм зэрытетрэ илъэс 34-рэ щрикъум, Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ мамыр зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэрэ илъэс 13 щрикъум ирихьэлIэу, хьэтхэм я пащтыхь Хьэттусилэ и пхъур Рамзес ЕтIуанэм щхьэгъусэу ишащ икIи Маатхорнефрурэ (дыгъэм хуэдэу дахэ) мысырыцIэр кърататащ. А зэманым хамэ къэрал къикIа пщащэхэр пащтыхьым и фызхэм ящыщ зыуэ, мыхьэнэшхуэ ямыгъэзащIэу къалъытэрт, ауэ Рамзес благъэ хуэхъуа лъэпкъым хуиIэ пщIэм и щыхьэту, Хьэттусилэ и пхъур и щхьэгъусэ нэхъыщхьэ ищIауэ щытащ. «Пщащэм и адэм и зауэлIхэр щIыгъуу, былым бжыгъэншэхэр япэ иту, Мысырым и лIыкIуэу цIыху нэхъыщхьэхэр, цIэрыIуэхэр щIыгъужу, пащтыхь гуащэр Рамзес деж нашэсауэ щытащ икIи пащтыхьым и щхьэгъусэр хуабжьу игу ирихьат», - тетщ Абу-Симбел блыным, а Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуам. Илъэсий дэкIри, Хьэттусилэ ипхъу нэхъыщIэри Рамзес ЕтIуанэм щхьэгъусэ хуэхъуащ.

Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 1700 гъэхэм ирихьэлIэу хьэтыбзэмрэ хьэт щэнхабзэмрэ кIуэдыжыпащ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, къахэпшэхъуауэ щыта хьетхэм яхэшыпсыхьыжащ. Хьэтхэм я къалащхьэу щыта Хьэтусэр зэтракъутэжри, хьетхэм я пащтыхьышхуэ IэнитIэ нэгъуэщI къалэ иригъэухуащ икIи Сириемрэ Вавилонымрэ къизэун хузэфIэкIащ. IэнитIэ и щIэблэм пащтыхьыгъуэр зэIэпахыурэ ди лъэхъэнэм ипэкIэ 700 гъэ пщIондэ дунейм тетащ хьетхэр. А зэман жыжьэм ирихьэлIэу хьетхэм апхуэдизкIэ щIыналъэ куэд къаубыдати, къазэуа лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжу щIадзэри, я бзэми я хабзэми къыхэна щIагъуэ щымыIэу Ассирием и зыIэтыгъуэм дэкIуэдыжащ. «Хьет!» жезыгъэIэу щыта лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэр апхуэдэу къызэпыудами, Урым пащтыхьыгъуэр къэунэхухукIэ хьетыбзэм ирипсалъэ лъэпкъ мащIэ дэкъузахэр щыIауэ жаIэ, ауэ я тхыбзэр зэраIэщIэхужар хьэкъщ.

## Синд-мэуэтхэр

Хьет къэралыгъуэр, дауи, зэуэ кIуэдыжакъым. Япэ щIыкIэ ар Къэркъэмыш, ТэрхъунтIасэ, Мырэ пащтыхьыгъуэ зыбжанэу щэщэжащ. «Жыхапхъэр зэфIэпщIыкIыну ухуеймэ - гъэлъалъэ», жыхуаIэрати, щыхупIэм щыщхьэщыувэм нэхъри зэрыубыдыным и пIэкIэ, заугуэшри, хьетхэр махэ хъуащ. Мы пащтыхьыгъуищым щыпсэуахэм здаунэтIари, къащыщIари, я къалэхэм натIэ яхуэхъуари зыми ищIэркъым.

Арами, тенджыз ФIыцIэмрэ Мэуэт (Азов) хымрэ я Iуфэм щыпсэуа синд-мэуэт лъэпкъхэр хьетхэм къазэрытехъукIыжам шэч хэлъкъым. Сыту жыпIэмэ, мэуэтхэм тхыбзэ ямыIами, хьетхэм я бзэри, я хабзэри, я щэнри, я фащэри зыхъумэжар ахэращ. Абы и щыхьэту къыщIэкIынущ адыгэхэм хьэт, хьет лъэпкъхэм епха унагъуэцIэхэр зэрызэрахьэр: Хьэтэ, Хьэткъуэ, Хьэту, Хьэтай, Хьэтыкъуэ, ХьэтIэхъу, Хьэтэгъур, Хьэтыкъуей лъэпкъ щхьэхуэр, нэгъуэщIхэри.

Ди лъэхъэнэм ипэкIэ VIII - VII лIэщIыгъуэхэм, ищхъэрэкъухьэпIэ Кавказым къэралыгъуэщIэм зыщиубгъуат. А къэралыгъуэм ис адыгэ лIакъуэхэм мэуэткIэ еджэрт. А къэралыгъуэм щыпсэуащ торетхэри, досххэри, дандариехэри, синдхэри, псесхэри, керкетхэри, ахейхэри, нэгъуэщIхэри. ЛIакъуэ къэс езым и щIыгу гъэнэхуа иIэжт, щхьэж езым и пщым и унафэми щIэтыжт.

Мэуэтхэм ятетхыхьащ ди лъэхъэнэм ипэкIэ япэ лIэщIыгъуэм псэуа хэкумэтх (географ) цIэрыIуэ Страбон. Археологхэм къатIэщIа къалэжьхэр щыхьэт тохъуэ илъэс миным нэскIэ мэуэт щэнхабзэм зиужьурэ зэрыкIуам.

Абы щыгъуэ Мэуэтымрэ Алыджымрэ я захуэкум сату гъуэгухэр щыпхашат, алыджхэм санэри, дагъэри, хьэкъущыкъухэри, Iэмэпсымэхэри Кавказым къашэу. Кавказым исхэм хадэхэкIхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ я куэдти, алыджхэм къашэм пагъэкIуэжырт адыгэхэм я хьэцэпэцэхэр, лыр, бацэр, бажафэр, пщылIхэр.

Мэуэтхэр гъунэгъугъэкIэ япыщIат нэгъуэщI лъэпкъхэм: псалъэм папщIэ, ищхъэрэмкIэ тенджыз ФIыцIэм къыIутIысхьа киммерийхэмрэ скифхэмрэ, Тэнрэ Индылрэ я зэхуаку щыпсэуа щэрмэтхэм. Ауэ мэуэтхэр нэхъ зыпыщIар Боспор алыдж къэралыгъуэрат. Керчь псыдэжыпIэм и Къырым лъэныкъуэмкIи, мэуэтхэм я щIыналъэ Темэн хытIуащIэмкIи ди лъэхъэнэм ипэкIэ VI лIэщIыгъуэм щыщIэдзауэ алыджхэр гуп-гупурэ къитIысхьэу хуежьащ. Къырымым щыIэ алыдж къалэхэр зэгухьэри, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 480 гъэхэм яухуауэ щытащ БоспоркIэ зэджэ къэрал зэгухьэныгъэр. Абы Боспор пащтыхьыгъуэкIи еджэу тхыдэм хэтщ.

А зэманым Боспор къэрал унафэщIхэр хущIэкъурт щэрмэтхэм, мэуэтхэм, скифхэм зэхущытыкIэ тэрэз хуаIэну. Боспор къэралыгъуэм, пэжу, зиубгъуат, абы къыхэкIкIэ ди лъэхъэнэм и пэкIэ IV лIэщIыгъуэм и кIэм мэуэт лIакъуэхэу дандариехэр, псессхэр, фатейхэр, досххэр Боспор пащтыхьыгъуэм и жьауэм щIохуэ.

Абы щыгъуэщ тхыдэм къыхэщыж адыгэ бзылъхугъэ Тыргъэтауэ Боспор пащтыхьыгъуэм щезэуар. Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 388 гъэм къалъхуат Тыргъэтауэ, синдхэм япщ Джэгъэтей и щхьэгъусэу щытар. Боспор пщыгъуэм и тет Щэтир синдхэмрэ мэуэтхэмрэ къезауэрт, я щIыр иубыдыну хуейуэ. Тыргъэтауэ и адэ Шупашэ нэгъуэщI бын иIэтэкъым, езыр жьы дыдэ хъуати, ипхъу закъуэр мэуэтыдзэм и пашэу зауэм щыIащ. Тыргъэтауэ джатэр апхуэдизкIэ Iэзэу игъэIэкIуэлъакIуэрт, лIыгъэ абрагъуэ игъэлъагъуэу зауэрти, зауэлI нэхъ лъэрызехьэхэм зыкIи къакIэрыхуртэкъым. Иужьрейуэ зыхэта зекIуэм мэуэтхэм текIуэныгъэр къыщахьауэ, боспорыдзэм щыщу зы зауэлI закъуэ фIэкIа къэмынэу (хъыбарегъащIэу Щэтир деж яутIыпщыжауэ арат), псори зэтраукIэри къагъэзэжат. Тыргъэтауэ и адэр игъэгуфIэри, и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ деж игъэзэжат. Куэд дэмыкIыу, Щэтир дзэ зэхуишэсри, синдхэм къатеуащ. «Уи щхьэгъусэр я пашэу мэуэтхэм си дзэр зэтраукIащ. Силъ сщIэжыну сыкъэкIуащ: е уи щхьэгъусэр дукIынущ, е синдхэм зауэ фыдощIылIэ», - жиIэу, Щэтир щытригъэчыныхьым, и лъэпкъыр ихъумэжу, Джэгъэтей и щхьэгъусэр хытIыгум иригъашэу, лIэжыху абы щIэубыдауэ щаIыгъыну гурыIуащ пащтыхьым. Апхуэдэуи ящIащ. Мамыр зэгурыIуэныгъэ кърищIылIэри, Щэтир и пхъур Джэгъэтей щхьэгъусэу къритащ. Абдежым Синдейр Боспорым и дамэгъу мэхъу.

Зи щхьэгъусэр зэпцIыжа, къызыщхьэщымыжа, лажьэ зимыIэу лей къызытехьа Тыргъэтауэ илъэс зыбжанэкIэ хытIыгум щаIыгъауэ, гъэпцIагъэкIэ абы къикIыжри, и дыщым игъэзэжащ. И адэр дунейм ехыжауэ ирихьэлIэжри, тетыгъуэр къызылъыса пащтыхьым дэкIуэжащ. Абы илъэс зыбжанэкIэ мэуэтыдзэ зэригъэпэщщ, Синдейм теуэри, илI къепцIыжам и дзэр зэтрикъутащ. Абдежи къыщымыувыIэу, и гъащIэр зэхэзыгъэзэрыхьа Щэтир и къэралыгъуэм ебгъэрыкIуэу щIидзащ. Къэралыгъуэр зэуэ хузэтекъутэнутэкъыми, щIэх-щIэхыурэ теуэу арат. Апхуэдэурэ, боспорыдзэр мащIэ щыхъум, Тыргъэтауэ зэрытекIуэнур къащыгурыIуэм, Щэтир и къуэр анэмэту къаритащ икIи мамырыгъэ зэращIылIэну къэлъэIуащ. Нэрыбгейр абы арэзы техъуат, ауэ Щэтир абы аргуэру къебзэджэкIащ, Тыргъэтауэ деж лъэIуакIуэ кIуа хуэдэу, лIыукIитI щэхуу иутIыпщри. ЛIыукIхэм пщэрылъ къыхуащIа Iуэхур ягъэзащIэу, Тыргъэтауэ теуат, зым и джатэр кърихри цIыхубзым хиIунуи хэтат, ауэ нэрыбгейм бгырыпх бгъуэшхуэ щIэпхауэ къыщIэкIри, абы ихъумат. БзаджащIэхэр яубыдри, къэзыгъэкIуари къыщIэкIуам и пэжыпIэри кърагъэIуэтат.

Абы иужькIэ Тыргъэтауэ Боспорым теуэри, Щэтир гуауэмрэ бампIэмрэ ихьыжыху езэуащ. Щэтир дунейм ехыжу и къуэ Горгипп пащтыхьыгъуэр къыщылъысым, дуней фIыгъуэр саугъэту Тыргъэтауэ къыхуишэри, мамырыгъэм щIэлъэIуну къыхуэкIуауэ щытащ икIи абдежращ зауэм щыщигъэтар.

Ди лъэхъэнэм и 1000 гъэхэм Адыгэ щIыналъэм къыщекIуэкIа Iуэхугъуэхэм нэхъ къахэгъэщхьэхукIыпхъэхэм ящыщщ кIасэгухэм (касогхэм) я пщу щыта Ридадэ зэрихьа лIыгъэр. Ридадэ зыхьхэмрэ кIасэгухэмрэ пщIэшхуэ къыхуащIырт икIи езы пщыми и лъэпкъыр и щхьэм нэхърэ нэхъ игъэлъапIэрт. Ридадэ пелуану щытауэ къыхощыж урыс тхыдэм, зыхэпсэукIа зэманми къарукIэ къытекIуэн зы цIыху лъэпкъым хэмытауэ. ЦIыхубэм Ридадэ хуиIэу щыта пщIэмрэ лъагъуныгъэмрэ я фэеплъу адыгэ уэрэдыжьхэм ежьууэ къыханащ «Уэ-Ридадэр».

1022 гъэм кIасэгу лъэпкъым къебгъэрыкIуат тмутаракъан пщы Мстислав Хахуэр. Ар Ридадэ къыщищIэм, дзэшхуэ къызэригъэпэщри, бийм пежьащ. ДзитIыр щызэпэщIэувэм, Ридадэ къыхилъхьащ лъыгъажэ къыхэмыкIыу Iуэхур зэфIагъэкIмэ зэрынэхъыфIыр, Iэпщэрыбанэк Iэ пщитIым зызэрапщыту, хагъащIэм и щIыри, и унагъуэри, и гъащIэри текIуэм ейуэ. АбыкIэ зэгурыIуа пщитIыр зэрыубыдри, зэрытемыгъакIуэу махуэ ныкъуэкIэ зэзэуащ. Мстиславым къыгурыIуащ зэрытемыкIуэфынур икIи игъэпщкIуа сэр кърипхъуэтри, Ридадэр къиукIащ. Абы и ужькIэ Мстислав Ридадэ и щхьэгъусэмрэ и къуитIымрэ гъэру иубыдащ, кIасэгу адыгэхэм тын Iихыу щIидзащ, щIалитIми урысыцIэу Юрийрэ Романрэ къафIищыжащ, уеблэмэ ипхъу Татьянэ Роман щхьэгъусэу къритсяжат, ауэ щIалэм щIэблэ къыщIэмыхъуэ щIыкIэ зауэм хэкIуэдащ.

Дауэ хъуами, урыс лъэпкъыжьхэу Белеутов, Алехнов, Клушин, Рябчиков, Викентьев, Гусев, Добрынский, Елизаров, Зайцев, Булатов, Поджогин, Симский, Образцов, Телегин, Сорокоумов, Глебов, Бобров, Бурунов, Кокошкин, Лопухин, Лупандин, Лаптев, Морев, Ушаков жыхуиIэхэр Ридадэ и щIэблэм къатехъукIыжауэ ятх тхыдэджхэм.

***(КъыкIэлъыкIуэнущ).***



Хьетхэм я пащтыхь.



Хьетхэм я хьэщхьэвылъэ (сфинкс).



**Шыгу зэщIэщIахэмкIэ хьет зауэлIхэр Къадеш деж щытокIуэ.** *Ди лъэхъэнэм и пэкIэ XIV лI.*



**Ридадэрэ Мстиславрэ зобэн.** *1022 гъэ*



Боспорыпщым и пхъур Джэгъэтей къратъашэ.



**Тыргъэтауэ.** *(Абы и ролыр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щегъэзащIэ ЖьакIэмыхъу КIунэ).*



Богданов Всеволод, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид, Филонов Виктор сымэ.



*Сурэтыщӏ* **Хьэпышт Хьисэ**

# «Урысейр зэрыщыту» фестивалыр ди деж щохьэщIэ!

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

**Иджырей журналистикэм и урысейпсо зэIущIэу гъэ къэс «Дыгъэмыс» хьэщIэщым щызэхыхьэм хэту екIуэкIащ Лазаревскэ районым (Сочэ къалэ) теухуа гъэлъэгъуэныгъэ.**



«**Шапсыгъым и нартхэр**» къофэ.

ИЛЪЭС зыбжанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI «Урысейр зэрыщыту» фестивалым къызэщIиубыдэну ягъэпсауэ щыта Iуэхугъуэхэм ящыщу иджы зрагъэхъулIэфа гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщыныр даIыгъащ Сочэ къалэм и Iэтащхьэ **Пахомов Анатолий**, Къалэ Зэхуэсым и унафэщI **Филонов Виктор**, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Богданов Всеволод**, Кавказ Ищхъэрэм киномрэ телевиденэмкIэ и «Кунаки» фестиваль зэIухам и президент **Кусэ-Шыхъуэ Сулиетэ** сымэ.

Мыгъэрей зэхыхьэм кърихьэлIат журналист миным щIигъу: телеканал лъэрыхьхэм я деж щегъэжьауэ тираж мащIэу къыдэкI район газетхэм деж иухыжу СМИ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм зэрыжаIэмкIэ, къэралым и щIыналъэ псоми къикIа журналистхэм Сочэ къалэр егъэцIыхуныр, и тхыдэм, щэнхабзэм, щIыпIэ дахэхэм щыгъэгъуэзэныр къызэрымыкIуэу Iуэху щхьэпэщ. ИкIи абы адэкIи къыпащэну я мурадщ.

Я IэнатIэм зыщрихьэлIэ Iуэху къиинхэмрэ гъащIэм къахуигъэув къалэнхэм зэрыпэлъэщымрэ тепсэлъыхьыну, я Iэзагъэм хагъэхъуэну, я нэгу зрагъэужьыну Iэмал яIащ къызэхуэсахэм. Къапщтэмэ, зэхыхьэм и ещанэ махуэр зэрыщыту хухахат Лазаревскэ районыр зэгъэцIыхуным. Псалъэм папщIэ, пщэдджыжьым екIуэкIащ Сочэ и Къалэ Зэхуэсым и тхьэмадэ Филонов Виктор зыхэта пресс-конференцыр. Лазаревскэ районым къызэщIиубыдэ жылагъуэхэр къалэ парламентым и унафэщIым зэрицIыхум хуэдэу зыщIэ гъуэтыгъуейщ, сыту жыпIэмэ илъэс куэдкIэ абы и унафэм щIэтащ Сочэ и ищхъэрэ щIыналъэу зи гугъу тщIыр. Мы зэманым зыпэрыт къулыкъури абы пщэрылъ щыхуэхъуар Лазаревскэ хэхыпIэ округым и депутату щIыпIэ парламентым кIуэцIрыкIа нэужьщ.

Пресс-конференцым кърихьэлIа журналистхэр куэдым щIэупщIэрт: Олимп джэгухэм иужькIэ къалэм къыхуэна щIэиныр зыхуэдэм, зыгъэпсэхупIэ-зыгъэхъужыпIэу Сочэ дэт IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIым, зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм ядэлажьэ IэнатIэхэм я къызэгъэпэщыкIэм, щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэм, нэгъуэщI куэдми.

- НэхъыфIу узэрыцIыхун щхьэкIэ, нэхъыбэрэ узэIущIэн, узэпсэлъэн хуейщ, - жиIащ Филоновым. - Дэ дыщопсэу къызэрымыкIуэу гъэщIэгъуэн къалэм, дэтхэнэ лъэпкъым и щэнхабзэми пщIэ худощI, къэхъукъащIэ щыIэмэ, зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ дгъэнэхъапэурэ, сыт хуэдэ Iуэхури зэфIэхыным дыхущIокъу.

- Сочэдэсхэм дагъэлъагъу лъэпкъ куэду зэхэс къалэм и жылагъуэ ухуэкIэр щытын зэрыхуейм и щапхъэ дахэ, - къыхигъэщащ Кусэ-Шыхъуэ Сулиетэ. - Шэч хэмылъу ар куэдкIэ я фIыгъэщ къалэ унафэщIхэми, лъэпкъ, щэнхабзэ, гъуазджэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 37-м я тхьэмадэхэми, къызэрыгуэкI къалэдэсхэми. КIэщIу жыпIэмэ, зи лъахэр мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ щытепщэу щытыну хуейуэ мыбы щыпсэу дэтхэнэ зыми.

Пресс-конференц нэужьым журналистхэм Iэмал яIащ дуней псом щыцIэрыIуэ кавказ гъэхьэщIэкIэр зыхащIэну. Ахэр щыIащ Лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым (и унафэщIыр **Фроленков Александрщ**). Абы лъэпкъ шхыныгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIати, хьэщIэхэм затIыжащ кавказ ерыскъыхэкIхэмкIэ.

КъищынэмыщIауэ, «Дыгъэмыс» хьэщIэщым и пэIущIэ пэшышхуэм къыщызэIуахат Лазаревскэ районым хыхьэ Чырмыткъуажэ жылагъуэм щыщ сурэтыщI **Хьэпышт Хьисэ** и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэри. Лэжьыгъэхэр я бжыгъэкIэ куэдыщэ мыхъуми, зытеухуар хы ФIыцIэ Iуфэм и щIыдэлъху лъэпкъыу адыгэхэм - шапсыгъхэм - я «Нартхэр» пасэрей лIыхъужь эпосыр арат. Журналистхэм я мызакъуэу, къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIауэ а щIыпIэм зыщызыгъэпсэху хьэщIэ бжыгъэншэхэм а махуэм Iэмал яIащ сурэтыщIым епсэлъэнуи, щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я тегъэщIапIэу, Сочэ къалэм и блэкIар зрагъэщIэнуи.

Мы зэхыхьэм хэтахэр концерт ирагъэплъащ, Лазаревскэ районым щыIэ Лъэпкъ щэнхабзэхэм я центрхэм я къарукIэ къызэрагъэпэщауэ. Iэгуауэшхуэ хуаIэту абы зыкъыщигъэлъэгъуащ Шахэшхуэ (Большой Кичмай) къуажэм щыщ «Шапсыгъым и нартхэр» сабий къэфакIуэ гупми. Къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы ансамблыр, Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэрал куэдми къыщацIыхур, къызэрыунэхурэ етIанэгъэ илъэс 25-рэ зэрырикъур икIи а Iуэхугъуэм иращIэкIыну гуфIэгъуэ зэхыхьэр Москва къалэм Лъэпкъ щэнхабзэхэмкIэ щыIэ унэм щрагъэкIуэкIыну мурад зэраIэр. АбыкIэ къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъуфынур Богданов Всеволод и гуапэу къыхигъэщащ.

**НЫБЭ Анзор.**
*Сочэ къалэ*

# БгъуэнщIагъхэм зезыпщытхэм я еджапIэ

● ЗэпыщIэныгъэхэр



**Спелеологхэм я урысей зэгухьэныгъэм, Мэзкуу и «Перово» спелеоклубым, Урысей географие жылагъуэм и Къырым къудамэм я нэIэ щIэту, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы япэу щызэхашащ щIыналъэ зэхуаку мыхьэнэ зиIэ, спелеологием щыхурагъаджэ школ. А Iуэхум зыкърагъэхьэлIащ къэралым бгъуэнщIагъхэр джынымкIэ и IэщIагъэлI нэхъ пажэхэми.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы еджапIэр ди деж къыщызэIухыным куэд щIауэ яужь итщ абыкIэ жэрдэмщIакIуэхэр. Апхуэдэу, иужьрей илъэсищым къриубыдэу КъБР-м къыщызэрагъэпэщащ бгъуэнщIагъхэр къэхутэнымкIэ къэрал зэхуаку мыхьэнэ зиIэ зекIуэхэр. 2017 гъэм и закъуэ къатщтэмэ, республикэм и Хъумэлан къуэладжэм дэт бгъуэнщIагъ зыбжанэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым спелеологием зегъэужьыным теухуа зэIущIэ бадзэуэгъуэ мазэм щызэхашащ, а зэхыхьэшхуэм республикэм и къэрал властым и органхэм, езы еджапIэ нэхъыщхьэм, МЧС-м, Урыс географие жылагъуэм и щIыналъэ къудамэм я лIыкIуэхэр, IэщIагъэлIхэр хэтащ.

Спелеологхэм я урысей зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ, Къырым федеральнэ университетым и егъэджакIуэ нэхъыжь Самохин Геннадий зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр щытщ мы зэманым Кавказ Ищхъэрэм спелеологием зыщегъэужьыным теухуауэ щызэфIагъэкIхэмрэ къыщыхалъхьэ жэрдэмхэмрэ зэзыпхыж «лэрыгъум» и Iыхьэ нэхъ «лъэрыхьу». Абы и щыхьэтщ, къэралымбгъуэнщIагъхэр джынымкIэ и IэщIагъэлI нэхъ пажэхэм ди щIыналъэм гулъытэ хэха къыхуащI зэрыхъуари.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Футбол

# Чемпионыгъэр кIэух джэгугъуэм ягъэIэпхъуэ

**Щэбэт кIуам Бахъсэн щызэхуэза щIыпIэ «Автозапчасть»-мрэ «Тэрчымрэ» зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжащ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2017 гъэм и чемпионыр щызэхэкIынур кIэух джэгугъуэращ.**

ЩЭБЭТ кIуам Бахъсэн щызэIущIат мыгъэрей зэхьэзэхуэм топ нэхъыбэ дыдэ щыдэзыгъэкIа «Автозапчасть»-мрэ (130-рэ) нэхъыфI дыдэу зызыхъумэж (къыхудагъэкIар топ 19-щ) «Тэрчымрэ». Абыхэм хэт текIуэми чемпионыгъэр и Iэрылъхьэт. Арщхьэкlэ зэпэщIэувахэр я къарукIэ зэхуэдэу къыщIэкIащ икIи бжыгъэр къызэIуамыхауэ джэгур иухащ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, джылахъстэнейдэсхэр зыхэта зэIущIэр мы гъэм япэу зэрытемыгъэкIуауэ иухауэ аращ. Абы къыхэкIыу, хэт мы гъэм республикэм и чемпион хъунуми зэкIэ наIуэ хъуакъым. КIэух джэгугъуэращ а упщIэм и жэуапыр езытынур. Арщхьэкlэ фIэщщIыгъуейщ очкоитIкIэ япэ ища «Автозапчасть»-м дыщэр зыIэщIигъэкIыну икIи, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, гъунэгъу Къундетей къуажэм щэбэт къакIуэ ар щызыIэригъэхьэнущ.

«Тэрчым» и Iуэхур нэхъ гугъущ. Ар Псыкуэд щытекIуэкIэ зэфIэкIынукъым икIи пэплъэн хуейщ «Автозапчасть»-р щылъэпэрэпэнум.

Тхьэмахуэ ипэкIэ, зэрыхуэдгъэфэщауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэр зэрабгынэр нэхъ пасэу наIуэ хъуа «Бахъсэнымрэ» «Прохладнэмрэ» гъусэ яхуэхъуащ «Жулдуз»-р. Хьэсэнейдэсхэм я иужьрей гугъэхэр къызэтракъутащ иужьу я хьэщIа къэхъундэсхэм, хэгъэрейхэр бжыгъэшхуэ дыдэкIэ хагъащIэри.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щекIуэкI зэхьэзэхуэм щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:0**, «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - «**Налшык**» (Налшык) - **4:1**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **3:4**, «**Жулдуз**» (Хьэсэней) - «**Керт**» (Къэхъун) - **2:7**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **0:3**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**ХьэтIохъущыкъуей**», (ХьэтIохъущыкъуей) - **1:4**. «**Къундетей**» (Шэджэм) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - **1:5**.

«Нарт» (Нарткъалэ) - «Прохладнэ» (Прохладнэ) зэIущIэхэр нэхъ иужьыIуэкIэ зэхэтащ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **29** | **25** | 3 | **1** | **130-26** | **78** |
| **2. «Тэрч»** | **29** | **25** | 1 | **3** | **82-19** | **76** |
| **3. «Союз»** | **29** | **19** | 3 | **7** | **104-64** | **60** |
| 4. «Псыгуэнсу» | 29 | 17 | 4 | 8 | 75-51 | 55 |
| 5. «Бедик» | 29 | 17 | 2 | 10 | 65-43 | 53 |
| 6. «Псыкуэд» | 29 | 14 | 5 | 10 | 79-72 | 47 |
| 7. «Керт» | 29 | 12 | 6 | 11 | 83-61 | 42 |
| 8. «ЛогоВАЗ» | 29 | 11 | 4 | 14 | 65-73 | 37 |
| 9. «Къундетей» | 29 | 11 | 3 | 15 | 53-81 | 36 |
| 10. «Налшык» | 29 | 10 | 5 | 14 | 61-61 | 35 |
| 11. «Нарт» | 28 | 10 | 3 | 15 | 60-66 | 33 |
| 12. «ХьэтIохъущыкъуей» | 29 | 10 | 2 | 17 | 49-72 | 32 |
| 13. «Родник» | 29 | 8 | 4 | 17 | 58-93 | 28 |
| **14. «Жулдуз»** | **29** | **6** | **4** | **19** | **50-101** | **22** |
| **15. «Прохладнэ»** | **28** | **4** | **8** | **16** | **48-90** | **20** |
| **16. «Бахъсэн»** | **29** | **3** | **1** | **25** | **34-123** | **10** |

# Дэтхэнэ жэрдэмми хоплъэ

● Налшык

**Налшык къалэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым иригъэкIуэкIащ ди щыхьэрым и теплъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ цIыхухэм яIэ Iуэху еплъыкIэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.**

КЪАЛЭ администрацэм, абы и нэIэм щIэту лажьэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ партхэмрэ къабгъэдэкIыу абы цIыху 250-рэ хэтащ.

Налшык и теплъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ япэ генеральнэ планыр къыщыхалъхьауэ щытар 1933 гъэрщ. Абы къыкIэлъыкIуэр 1964 гъэм къащтащ. Ещанэр 2015 гъэм зэхалъхьащ икIи абы 2040 гъэм нэсыху зэфIагъэкIыну я мурадхэр щыубзыхуащ.

Зи чэзу генеральнэ планым и архитектор нэхъыжь Шапошниковэ Юлие къыхигъэщащ ди къалащхьэм сыт хуэдэ лэжьыгъэ езым я лъэныкъуэкIэ щрагъэкIуэкIми, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм, къалэдэсхэм къабгъэдэкIа зы еплъыкIи гулъытэншэу къызэрамыгъанэр. ДяпэкIи зэрекIуэкIынур апхуэдэущ.

Къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэным теухуа Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу, къызэхуэсахэр ирагъэдэIуащ щыхьэрым къегъэщIылIа щIыхэр тэмэму къэгъэсэбэпын зэрыхуейм теухуа псалъэмакъхэми. Абыхэм къыщыхалъхьа дэтхэнэ зы жэрдэмми щIыпIэ самоуправленэм и Советыр хэплъэнурэ, унафэ пыухыкIахэр трищIыхьынущ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

● Теплъэгъуэхэр



**Къуршхэри зопсалъэ.**
*Сурэтыр* **Козуб Валерие** *трихащ.*

● Ухуэныгъэ

# ЩэнхабзэмкIэ унэхэм поплъэ

**Иужьрей илъэс зыбжанэм ди къэралым гулъытэ хэха щыхуащI щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ клубхэмрэ я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным.**

ЛЭЖЬЫГЪЭР ефIэкIуэн папщIэ клубхэр зэгъэпэщыжын, уеблэмэ щIыпIэ куэдым ахэр щIэрыщIэу щыухуэжын хуейщ. Ар къалъытэри, къэрал программэ щхьэхуэхэр къыхалъхьащ. Абыхэм ящыщ зы иджыпсту ди республикэм щолажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и нэIэм тету ди республикэм и щIыналъэ зыбжанэм зэгъусэу щыщIадзащ щэнхабзэмкIэ унэхэр ухуэн. Къатщтэмэ, Бахъсэн щIыналъэм ар Жанхъуэтекъуэ къуажэм щаухуэ, Шэджэмым - Хъущтэ-Сырт, Аруаным - Псыгуэнсу, Май щIыналъэм - Колдрасинскэм. Министерствэм дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, унэхэр яухуэ Тэтэрстаным щащIа проектым тету. Псоми зэщхьу, зы къату ящI мы унэхэр сыт и лъэныкъуэкIи бидэщ, щIыр щыхъейми шынагъуэншэщ. Аукцион екIуэкIри, ухуакIуэхэр абы къыщыхахащ. Ухуэныгъэм текIуэдэну ахъшэр къыхагъэкIащ федеральнэ, республикэ бюджетхэм.

ЩэнхабзэмкIэ унэхэр зэуэ цIыху 200-м нэхърэ мынэхъ мащIэ щIэхуэным тещIыхьащ. Абы хэтынущ къэфапIэхэр, библиотекэхэр. Ухуэныгъэр зэрекIуэкIыр мазэ къэс министерствэм къепщытэ. Ухуэныгъэхэр щэкIуэгъуэ-дыгъэгъазэ мазэхэм фIэмыкIыу и кIэм нагъэсыну я мурадщ .

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

### ГъэпцIакIуэр яубыд

**Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм щыщ цIыхубзым Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм зыхуигъэзащ. Щхьэусыгъуэр - автовокзалым и Iэгъуэблагъэм, Ахъуэхъум и уэрамым, балигъ мыхъуа и къуэм къыбгъэдыхьа щIалэм, ирипсэлъэн щхьэусыгъуэкIэ сом мин 19 зи уасэ и жып телефоныр Iихыу зэрызигъэпщкIужаращ.**

А ЩIЭПХЪАДЖАГЪЭР илэжьауэ шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар Псыгуэнсу щыщ, илъэс 25-рэ зи ныбжь щIалэщ.

Яубыдам зиумысыжащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

### НэпцIу щрагъэтхат

**КъБР-м щыIэ МВД-м и полицейхэмрэ ФСБ-м и щIыналъэ управленэм и лэжьакIуэхэмрэ къыщIагъэщащ Iэпхъуэшапхъуэ законодательствэмкIэ хабзэр щэнейрэ къызэпаудауэ.**

КЪЫЗЭРАТЫМКIЭ, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыщ, илъэс 48-рэ зи ныбжь цIыхубзым, псэупIэ яримыту и лъапсэм нэпцIу щригъэтхащ къуэкIыпIэ гъунэгъу къэралхэм ящыщ зым щыщ цIыхуи 6.

Апхуэдэ хабзэншагъэ зэрахьащ Тырныауз къалэм щыщ илъэс 43-рэ зи ныбжь цIыхубзымрэ илъэс 44-рэ хъу налшыкдэс цIыхухъумрэ. Абыхэм я унэм гъунэгъу къэралым щыщ цIыхуитI щIрагъэтхащ.

Хабзэм зэребэкъуам къыхэкIыу, къэдгъэлъэгъуахэм ятеухуа уголовнэ Iуэху къаIэтыным яужь итщ, Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 322.2 статьям ипкъ иткIэ икIи ахэр илъэсищкIэ ягъэтIысынкIэ хъунущ.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Замир,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531● Тираж 3.417●Заказ №1312